

BAB V

KACINDEKAN JEUNG SARAN

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan téh nganalisis jeung ngadéskripsikeun campur kode dina siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung, ditilik tina wujud campur kode jeung wanda campur kode sarta bahan ajar ngaregepkeun dumasar kana hasil campur kode dina siaran Tarsan I-Radio 105,1 FM Bandung.

Dumasar kana hasil analisis jeung déskripsi data dina bab IV, bisa dicindekeun saperti di handap.

- 1) Campur kode nya éta prosés makéna dua unsur basa atawa leuwih dina situasi anu teu resmi.
- 2) Tina hasil analisis data, aya 190 gejala campur kode nu kapanggih dina paguneman siaran Tarsan I-radio 105,1 FM Bandung. Dumasar kana éta hasil, dibagi kana wujud campur kode jeung wanda campur kode.
- 3) Disawang tina wujudna, aya genep wujud campur kode nya éta (1) seselan nu ngawujud kecap aya 84 gejala campur kode, (2) seselan unsur nu ngawujud frasa aya 67 gejala campur kode, (3) seselan unsur nu ngawujud rajékan aya 12 gejala campur kode, (4) seselan unsur nu ngawujud baster aya salapan gejala campur kode, (5) seselan nu ngawujud idiom aya opat gejala

Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

campur kode, jeung (6) seselan unsur nu ngawujud klausa aya 14 gejala campur kode.

- 4) Disawang tina wandana, aya 240 gejala campur kode anu dikelompokeun dua wanda nya éta (1) campur kode ka jero aya 205 gejala campur kode, jeung (2) campur kode ka luar aya 35 gejala campur kode.
- 5) Paguneman Tarsan anu ngandung campur kode bisa dijadikeun bahan ajar ngaregepkeun di kelas VII anu gunana pikeun milih mana basa Sunda anu bener tur merenah jeung mana basa Sunda anu teu bener jeung teu merenah. Ieu bahan ajar saluyu jeung SKKD sarta pituduh KTSP dina kompetensi dasar ngaregepkeun.

Dumasar kana rangkuman di luhur bisa dicindekkeun yén paguneman dina acara Tarsan I-radio 105,1 FM Bandung ngandung 190 gejala campur kode, dumasar wujudna aya 84 seselan unsur nu ngawujud kecap, 67 seselan nu ngawujud unsur frasa, 12 seselan nu ngawujud unsur rajékan, opat seselan nu ngawujud idiom, salapan seselan nu ngawujud baster jeung 14 seselan nu ngawujud unsur klausa. Dumasar wandana aya 240 gejala campur kode, nya éta campur kode ka jero aya 205 gejala campur kode jeung campur kode ka luar aya 35 gejala campur kode.

5.2 Saran

Ieu panalungtikan téh ngan medar wujud campur kode, wanda campur kode jeung bahan ajar ngaregepkeun di SMP dumasar hasil campur kode. Data

hasil ieu panalungtikan pikeun nambahan pangaweruh basa dina siaran radio. Ieu Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP

hal ngabuktikeun yén masih aya siaran radio nu maké basa Sunda dina ngadadarkeun hiji hal. Sarta alternatif bahan ajar ngaregepkeun paguneman dina bentuk rékaman atawa langsung tina siaran radio. Patali jeung hal éta, panalungtik miharep supaya aya panalungtikan séjénna anu nalungtik ngeunaan campur kode, alih kode atawa aspék kabasaan nu lianna anu dipatalikeun jeung pangajaran. aya sababaraha saran nu ditepikeun, nya éta:

- 1) Pikeun nu nalungtik, dina nangtukeun bahan anu rék ditalungtik kudu bener-bener asak, utamana dina prosés panalungtikan sangkan ngalaksanakeun analisis jeung déskripsi data aya dina kalancaran jeung hasilna maksimal;
- 2) Pikeun lembaga atikan, hasil rékaman paguneman siaran Tarsan bisa jadi média ngawanohkeun ragam basa dina siaran radio. Sarta alternatif pikeun bahan ajar ngaregepkeun paguneman di SMP kalayan disaluyukeun jeung Standar Kompetensi jeung Kompetensi Dasar (SKKD);
- 3) Pikeun masarakat, hasil rékaman paguneman siaran tarsan bisa dipaké pikeun namabahan pangaweruh ngeunaan basa jeung budaya saluyu jeung siaran nu dipidangkeun dina éta rékaman.

Nita Novita Permatasari, 2012

Campur Kode Dina Siaran Tarucing Salasa Naker (Tarsan) I-Radio 105,1 FM Bandung Pikeun Bahan Ajar Ngaregepkeun Di SMP